

**Pembantoe sareng agen:**  
 Priangan koelon  
 Bestuur Pasoendan Bogor.  
 di Tjiandioer  
 Bestuur Pasoendan Tjiandioer.  
 Priangan tengah  
 H. B. Pasoendan Bandoeng

**Pembantoe sareng agen:**  
 Priangan wetan  
 Bestuur Pasoendan Tjiamis.  
 Djawa wetan  
 Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoen dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjatak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

<b>LANGGANAN.</b> 3 saasih . . . . . f 1,50 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.	<b>Redactie:</b> Heerenstraat 31. <b>Administratie:</b> Stationsweg 33 Tasikmalaja.	<b>Redactie Per:</b> <b>SOETISNA WENDJAJA</b> <b>ATMAWINATA</b> <b>Redakteur di Batawi</b> <b>SOERADIRADJA.</b>	<b>Directie Administratie:</b> Bestuur Pasoendan Tasikmalaja	<b>Pangaoes ADVERTENTIE:</b> $\frac{1}{10}$ katja f 2,— } $\frac{1}{32}$ " f 1,25 } <b>Sakali moeat</b> Langganan langkoeng mirah.
---	--	---	---	---

**Djoeragan Langganan!**  
 Seueur keneh bae no teu atjan ngintoenkeun artos langganan kwartaal ka II 1926. Oelah lepat enggal kintoenkeun ka **Administratie** Sipatahoenan Tasikmalaja.

**Raad Kaboepaten.**  
 College van gecommiteerden.

Locale raden noe aja, kabeh oge boentoetna Decentralisatie wet 1903. Njaeta maksoedna, ngabagi-bagi kakawasaan djeung tanggoengan. Mere kalonggaran ka noe diparentah, soepaja bisa miloe ngoeroes nagara. Anoe baroto sasat kakawasaan aja diua hidji leungeun, ajeuna dipentjarkeun (Provinciale gewestelijke gemeente djeurg Regentschapsraad). Ajeuna noe diparentah bisa miloe tjajarita. Tangtoe pisan atjan sabaraha hartina waktos ieu mah, parendena kitoe koe orang koedoe diakalan bae soepaja aja meueusan.

Oepama Raad Kaboepaten koempoelanana ngan oekoer 2 boelan sakali atawa terkalar ngan 3 boelan sakali, tangtoe pisan noe diparentah (noe ngawakilleun ka elid-elid) moal sabaraha goeloeng djadi hidjina djeung roepa-roepa pamarentahan. Koemalan akalna sangkan oelah kitoe. Nja koe ngajakeun college van gecommiteerden noe ngadjalankeun poetoesan-poetoesan R. K. djeung noe miloe boga tanggoengan bal kaajaan pamarentahan di Kaboepaten. Djadi henteu noe djadi Boepati bae noe Kawasa, tapi rahajat oge miloe. Nja woedjoedna dina gecommiteerden noe dipilih koe elid-elid, wakilna rahajat tea.

Kitoe maksoedna decentralisatie, kitoe kabahajagna djaman.

Koe lolobana noe djadi Boepati loempatna alam ditoeerkeun. Salah moen teu kitoe, Ngan orokaja si noe diparentah atawa wakilna bet aja keneh noe titing dina alam... badoednaan Saperti oepamana di Bogor. Noe djadi Boepatuna tjoetjong kana ngajakeun college gecommiteerden, tapi voorstellanana teu ditarima, lantaran vergadering teu moepakat. Diantara lid lid noe teu moepakat, tjeuk tjarita, loba noe pang teu moepakatna teh, lantaran . . . . . sieun dipilih.

Bangsa orang eta teh, noe diparentah! Poegoeh aneh! Ari batoer mah, saperti Walanda, tjeuk noe mawa tjarita daraekeun, ari ieu . . . . .

**Ka mana.**  
 Consequentie di dieu?  
 Naha atoeh daraek djadi elid?  
 Saha noe hajang loba gawe? Tapi lamoen teu makeakeun ti ajeuna iraha atoeh? Kadjeun nikreuh, asal indit, manan hajang gantjaug, tapitjijing.

Leuheung meueus noe boga kabahajang naraljang anoe ngan disada ari ditakol atawa megat maksoed noe koe djelema loba dianggap aloes, saperti oepamana kadjadian di Bogor.

Tapi koering pertjaja, tangtoe engke eta djrg. djrg. elid noe teu moepakat kana gecommiteerden koe kiewman-kiesman Bogor dit-ei atawa disabab pisan. Meureun moen perloe terkadang ngalarapkeun "milih-milih rabi, mindah-mindah rasa."  
 Sareboe salapan ratoes doea poeloeh genep ieu teh, Bogor!

**Babarengan digawe.**  
 (Samenwerking)  
 Noe dimaksoed didieu babarengan

digawe tjara I. E. V. djeung P. E. B. oepamana diua verkiezingen (milih). Ti anggalna ditangtoekeun, sakitoe elid keur P. E. B. sakitoe keur L. E. V. Dina prakna milih nja milih noe geus ditangtoekeun tea, kitoe ge moen aja tegen Candidaat. Ari teu aja mah teu koedoe dipilih deui.

Tapi ari di Bogor-dasar Bogor, teu daek bagor-aneh, hajoh geura Pasoendan djeung pagoejoeban sedjen make njeun deui kiesvereeniging, noe teu perloe tea, da geus aja partijen. Toeloej tjenah sina dipilih koe lelen kiesvereeniging saha noe koedoe didjieu candidaat. Ana kitoe stoeh tergautoeing kana lobana noe datang kana koempoelan kiesvereeniging. Djadi: **STEMBUSSTRIJD LIBAWAH TANGGAN.** Pindah ti kantor gemeente ka tempat koempoelan kiesvereeniging. Lain kitoe atoeh, djrg-djrg. Tepekeun heula, sabaraha noe koedoe dipilih. Lobana bagikeun: sabaraha adilna koedoena Pasoendan kabugian, sabaraha B. O. Tepekeun noe masing? saha candidaana. Prak pilih noe geus ditetepkeun tea. Moen euweuh teinge candidaat, teu koedoe atjan dipilih.

Samenwerking noe ajeuna, samenwerking noe matak paketrok. Mindahkeun stembusstrijd. Poetoesan kamari ieu koedoe diobah.

**Te betalen 25 cent port.**

Sering pisan administratie S. P. nampi serat Dienst vrij van port (aksarana baradag toer di druk) ditambah deui koe tjapna Regentschapsraad atawa ti Dienst Opperhoutvester r. r. d.

Eta sadaja dienst koe post teu dianggap, atoeh kapaksa noe narima eta dienstbrief teh majar heula satulen.

Dibandingkeun djeung Depot van Leermiddelen atawa Bale Poestaka saban barang kirim ka Agentna barang soemawonna soerat disaboet dienst vrij van port tapi koe post teu diboele, djadi si agent teh teu koedoe didengda, tapi sabalikna oepama eta agent njoeratan ka noe disaboet di loehoer koedoe make franco (teu meunang vij van port).

Hal ieu hatoer soemarah ka dienst Regentschapsraad atawa dienst noe sanes-sanes naha teu aja hakna si noe narima teu koedoe diboele? Asa ngeunah saheulah, ari anoe narima (pihak particulier) koedoe bae majar, padahal ngau sakadar narima bae.

Sadaja-daja tjanggakeun ka padoe-ka Hoofd P. T. T. di Hiudja.

Adm. Sip.

**Non Cooperation**  
 (sambuengan).

Hantja Djrg. Otto Soebrata. Hidji boedjangga anoe katjeloe kawaoen-awoen, kawentar ka manamana, kongas sakoeiah doenja, djengnanana **RABINDRANATHI TAGORE**, ieu boedjangga teh henteu lebet kana kalangan politik, dadasar agem-ageman anoe dianggo koe andjeunna nja eta "kamaoosaaan" sareng "kapanditaan".

Ieu boedjangga teh koe pamarentah Inggris parantos dipasihan gelaran "SIR" (koe eta gelaran kapangkatan andjeunna dilebetkeun kana golongan menak Inggris). Kapangkatan (gelaran) anoe sakitoe agoengna teh, koe andjeunna dipoelangkeun deui ka Gouvernement, sareng andjeunna njebatkeun pangna moelangkeun kapangkatan teh, djalaran bade nembongkeun kanjerina rajat, margi sami bae sareng karaoe koe andjeunna

pribados.

Oorang Islam sareng oorang Boedha, anoe ti kapoengkoerna tara kaopan pisan, sok gampil getreng papaseaan (anoe sering ditjaroskeun dina seraserat kabar), nanging ajeuna mah koe margi parantos ngahidji tea, lajeut saloeloet sabiloeloengan, sakanjeri sakapeurih, doegi ka sering kadjantenan oorang Islam sareng oorang Boedha, babadantenan di masing atanapi di tempat pamoejangan Boedha (tempel) Sering aja kadjantenan kieu teh, nalika di Hindia Inggris bade diajakeur atoean rohahan paparentahan (ngabenjuk nagara), anoe katimbang koe somah matak ngaripoehkeun ka maranehanana.

Panoengtoen - panoengtoen seueur anoe ngaraoes hariwang, koe kadjantenanana rohahan paparentahan lamoeu teras dijalankeun. Namoeing anoe djadi djoeroe moedi tina oeroesau marantah Hindia Inggris, hidji djalmi anoe tebih titingahana oge kaetaug hidji politikus.

National Congress, Home Rule League Libarat League, njonja Annie Besant (panoengtoen Theosopie) sareng sanes sanes pakempelan, sami ngintoenkeun oetoesan ka Inggris, mak-sadna njoehoekkeun kalonggaran anoe langkoeng ageung, tina rarantjang rohahan paparentahan tea.

Doepi dina waktos harita paparentahan anoe dilarapkeun ka somah, anoe koe somah karasa beuratna nja eta masih keneh Krijgswet (oendlangoendang perang), seueur djalma-djalma anoe dihoekoem gantoeug, diboeang sareng diboei. Somah njaroeheunkeun timbangan, soepaos eta atoean enggal diganti, nanging panoehoenna somah kitoe teh, henteu dilaksanakeun.

Pandit Madan Mohan Malaviya, President National Congress, ngintoenkeun telegram ka pamarentah, njeatkeun teu kinten handjakalna, panoehoenna somah henteu dilaksanakeun, sareng andjeunna ngintoenkeun rekost, njoehoenkeun soepaos diparios koe hidji Commissie anoe sabenerbenerna, perkawis kariboetan anoe parantos tea. Pamarentah njoempunan kana eta panoehon, doegi ka boektina ngadamel Commissie tea, moeug laporan kekengingan Commissie teh henteu njoempunan kana kajangna somah.

Tina kitoena somah anoe parantos ngarasa sakitoe njeri peurihna ajeuna hajang boeroe-boeroe njaksian sareng ngaboektikeun (daad) actie panoengtoen-panoengtoena tea. Ari babakoena pisan mah maranehanana hajang miloe nembongkeun djeung ngaboektikeun ka teu ngeunahan maranehanana ka pamarentah.

Rea panoengtoen-panoengtoen anoe henteu rempoeg kana kalajang somah kitoe teh, lantaran tatjan kaerong pigeoenaana. Doepi anoe boga bakat revolutionair mah harajang make djalan "Non Cooperation", sabab koe djalan ieu mah bisa **MAKSA** ngajakeun kariboetan.

—o—

Hidji panoengtoen anoe djenengnana **T I L A K**, katjida pisan henteu roedjoekna kana gerakan "Non Cooperation", ari andjeunna mah hajang ngango Constructie politiek (nja eta politik anoe hajang make djalan Raad-Raad tea, margi dina Raad-Raad mah laloessa ngadamel kritik, saniskanten anoe dibadantenkeun anoe sakinten matak teu ngeunah ka somah tiasa ngahalang-halang, soepaja poetoesanana henteu bener, dina waktos njetem hidji perkara anoe koerang hade keur somah, lamoen kira-kira bakai ditampa, eta

Raad boeroe-boeroe ditinggalken, anoe dipambrih soepaja poetoesanana henteu sah).

**T I L A K** teh dina piug 1 Agustus 1920 tilar doenja, teu kinten matak handjakalna, doemeh andjeunna henteu tiasa noengkoelan heula National Congress loear biasa, anoe diajakeun di Calcutta dina ping 4 September 1920, nja eta Congress anoe baris ngavadantenkeun perkawis "Non Cooperation" tea. Tjatjakan oepami **T I L A K** henteu kaboejeng tilar doenja mah, politik "Non Cooperation" teh, teu atjan kantenan tjios dijalankeunana.

National Congress anoe diajakeun di Calcutta dina ping 4 September 1920 tea, didongkapan koe langkoeng ti 20000 djalma; di antara sakitoe djalma teh, aja 5000 oetoesan, hidji-hidjina oetoesan aja oge anoe djadi wakil ti doea-tiloe pagoejoeban.

Dina eta Congress, saparantarna rame debat dina babadaman, toengtoena kenging poetoesan, jen ngadjalankeun politik "Non Cooperation" teh ditampa koe eta Congress, 1826 stem anoe moepakat, 804 stem anoe henteu moepakat, langkoeng ti sapalihna oetoesan anoe henteu miloe njetem (blanco). Malah **PANDIT MADAN MOHAN MALAVIYA** oge, henteu roedjoekkeun.

Djadi ngawitan ti ping 4 September 1920, gerakan "Non Cooperation" teh dijalankeun, doepi prak-prakanana nja eta:

1. Teu narima djeung moelangkeun sakabeh kapangkatan djeung tjiri kahormatan ti pamarentah (Regeering).
2. Pepestaan karadjaan moal rek didarataungan atawa dilaladjoan.
3. Kelot-kolotna haroedak, anoe njakolakeun atakna di sakola Gouvernement atawa sakola subsidie koedoe njaboet anakna tea, sarta rek ngadegkeun sakola sorangan (anoe somah) anoe make dadasar kabangsaan.
4. Rek ngajegkeun Raad - Raad pangadilan anoe baris moetoeskeun sagala patjogregan somah, djeung Advocaat-Advocaat bangsa priboeni oelah daek miloe tjamp-er kana Raad-Raad pangadilan anoe dijakeun koe pamarentah.
5. Soldadoe-soldadoe, goeroe-goerne agama, djeung koeli-koeli oelah daraek, digawekeun di Mesopotamie (Bagdad). Dina waktos eta Inggris keur perang djeung Mesopotamie (Bagdad).
6. Anoe enggeus djaradi lid djeung pitakaleun lid, tina sagala Raad anoe diajakeun koe pamarentah. Anoe geus djaradi lid, koedoe eureun (kaloear): Anoe bakal djadi lid (Candidaat) oelah daek dijadikeun. Toekang milih (kiezer) oelah daraek milih.
7. Oelah narima (ngabaskot) sagala barang-barang ti loear (babakoena pisan ti nagara Inggris).

Teraskeuneun.

**Art. 69 R. R.**  
**(Regeeringsreglement)**  
 a theorie dicung praktijk.

Dina waktos Decentralisatie congress di Bandoeng djrg. Darna koesoemah njaritakeun saeutik hal noe disaboet di loehoer nja eta artikel noe ngoeroeskeun toeroen toemoeroena noe djadi Boepati (erfopvolging). Lain bae koe ajana regent-

schapsraad, tapi oge koe ajana djaman, tjeuk Djrg. Darna naha henteu perloe eta artikel diobah?

Maksoedna djrg. Darna teh tangtoe kieu: Sing naha noe mentjrang' noe poendjoel ti noe sedjen pangartina eta wadjiw sina marantah, oelah toekeoh kana toeroenan Boepati.

Koe Kangdjeng Dalem Batawi pertanjaan djrg. Darna dijawabna kieu: Ngobah teu perloe, sabab dina artikel eta oge disaboetkeun sabisa toeroenan Boepati. Moen euweuh nja meureun nikot noe sedjen.

Poegoeh, aloes, enja kitoe sakoemaha kasaoerana Kdj. Batawi ari theorierna mah. Tapi boektina, prakna koemaha?

Nja aja, tapi teu loba. Dideuleu deuleu nja toeroenan keueh toeroenan keneh bae. Atawa henteu aja noe lain toeroenan Boepati noe leuwih mentjrang pangartina noe leuwih pantas diaugkat kana Boepati, mana noe djardi?

Walahoeh alam, tjeuk santri mah. Tjat koe kitoe, tjeuk kieu saroe-pa noe geus tangtoe: eta artikel teu meudjehua aja keneh dina demokratische tijl (alam smah moerba). Oelah aja handicap Breng sina loempat bareng. Sing saroea oekoerana, oelah dibeda-beda.

**Kaajaan di Mekah.**

Noemoetkeun chabar anoe kenging dipertjanten ti Mekah, ajeuna kaajaanana di Tanah Soeti ti sapretnos noe kasabat di handap ieu:

1. Dilarang djelema njeboet doea kalimah Sjahadat,
2. Dilarang djelema njeboet Ja Rosoel 'Allah.
3. Dilarang djelema matja tahlii.
4. Dilarang djelema ziarah ka kceboeraan.
5. Dilarang djelema Adzan bedas-bedas.
6. Dilarang djelema njeungtjeurikan anoe maot.
7. Di Masjid 'al Haram teu meunang aja Imam liwat ti doea, sarta sahidi tina antarana koedoe bangsa Wahabiah.
8. Engke dina geus beres boelan Hadji moenara Masjid 'al Haram arek dibongkar (njaeta oelah aja noe adzan di loehoer).
9. **BAITOEALLAH** lawangna (parton) rek dibongkar rek didjieu tiloe, sareng seueur-seueur deui anoe matak ngamadoroetkeun pikeun ka oorang Islam anoe geus bisa dilampahkeun koe qaoem Ahl' soennah wal Djamaah. Ieu sadajana anoe kasabat diloehoer kahojongna Radja Soelthon Ion. Saeneddredja.

Wassalam

**Mochamad Enoch (Ebo.)**  
 BTZ. 26 Me 1926

**Biantara Djoer. R: M. M. Soeria-kartalegawa di Provinciale Raad.**

1e dag.  
 Kangdjeng Toean Voorzitter!  
 Pribados bade njoehoenkeun soepados didangoekeun koe sadaja Djoeragan djoeragan lid-lid Provinciale Raad. Oepami djoeragan - djoeragan maos katranganaan perkawis oeuuteun noe 10% tea, tangtos pisan ieu perkawis moal kautos dibedjer beaskeun deui, margi di dinja parantos diterangkeun oetami pisan. Menggah katrangankatangan noe perloe njaeta kasabat ti nommer 10 doegi ka 16 sareng nommer 23, katja 92, sareng 93 Provinciale Blad No. 4.  
 Oorang Gemeente teh sajaktoena



mah ajeuna disenangkeun pisan henteu kedah ngawanteu kana ongkos ongkos djalana dina noe loareun kota gemeente. Ieu kasenangan koe seuseurna dianggap bidji "hak" (recht) margi, oendag-oendag Gwest teh ngawengkeup ka sawengkon Gwest, moeng salamina gemeente-gemeente diwalkeun, tah eta noe djadi margi noe mawi seueur noe kagoeugau manah, jen gemeente teh aja di loareun Provinciale Raad. Di Nagri Walanda mah saokoer noe tjitjing di provincie teh sadajana njoembang kana kaperloanan provincie, moeng di oerang di Hindia henteu. Menggah dina sadidinten hese pisan ngabartoskeunana wewengkonanana gewest. Koemargi eta seuseurna priboemi gemeente ngariskeun sapertos henteu iloe bieng sareng Provinciale Raad. Koemargi Hindia salamina njoemotkeun kana tjonto di Nagri Walanda sareng atoeran-atoeran perkawis kaajaanana provincie parantos di pertelakeun koe art. 60, 61 Provinciale ordonnantie, art. 1 Instellings ord. sareng dina katranganana eta ordonnantie, wadjib pisan oerang ngarempagau kana voorstel College van Gedeputeerden, margi arandjeuna maksad bade ngalereskeun mamanaan noe lepat tea noe sangkana. Gemeente teu kawengkeun koe Provincie toer gemeente teh sami sareng Regentschap hakna. Djalmi-djalmi dessa noe sakitoe parantos beurat pisan dibeghreganana koe roepi-roepi atoeran opcenten anjar, nja eta ngadjuit abdi abdi alit, noe ngawitan teu moefacat oge ladjeng seueur noe ngiringan kana eta voorstel dongkap ka ditarimana 20 moefacat 19 noe henteu, nja ajeuna perloe aroeninga kasasannana pamaksadan Kangdjeng Goepnoer noe sakitoe mikawelusia ka abdi-abdi noe alit, noehoen lamoen perkempelan Pasoendan noe sakitoe kawentar mikasihilna ka abdi-abdi noe alit kersa njembahkeun kabingahan koe kadjudian ieu atoeran ditampi koe Raad Provincie.

djalma noe kitoe noe merdika pisan. Oge toean toean tanah ajeuna tangtos baris kirang majarna padjeg, padjeg, margi opcenten gewest tina kasah noe antawis 10 sareng 20%, nja kitoe deui opcenten padjeg roemah tangga sareng verponding noe antawis 20 sareng 30%, kadjabi ti di karesidenan Tjirebon noe teu aja opcenten tina padjeg roemah tangga, didjanten keun kawa 10%.

Koemargi seuseurna kota hoeripna koe pataunan sareng koe tanah tanah noe araja di loear kota, emoetan pribados djadi moepakat pisan oepami noe maratoeh di kota gemeente teh ngahampangkeun pangbeubeurat djalmi pakampungan, da kota kota Kaboepaten awal ti noe 6 mah sami ngiring oentoeng sapertos noe sanes bae loareun 6 gemeente noe kasabat tadi.

Pangpangna pribados njoehoekkeun sadajana lid-lid bangsa Priboemi loear sareng lebet kota, sareng ka hangsa lid Walanda sareng Tiong Hoa noe tjalikna loear kota, soepados ngaloarkeun seara moefacat kana ieu panarikan opcenten tea.

Sakitoe pihatoer pribados.

#### Dinten kadoea Salasa ping 18 Mei 1926.

Doepi poatoesanana Provincie, saparantosna koe Kangdjeng Toewan Goepnoer Pasoendan ditjarioskeun puos kamangnatnana ieu atoeran opcenten anjar, nja eta ngadjuit abdi abdi alit, noe ngawitan teu moefacat oge ladjeng seueur noe ngiringan kana eta voorstel dongkap ka ditarimana 20 moefacat 19 noe henteu, nja ajeuna perloe aroeninga kasasannana pamaksadan Kangdjeng Goepnoer noe sakitoe mikawelusia ka abdi-abdi noe alit, noehoen lamoen perkempelan Pasoendan noe sakitoe kawentar mikasihilna ka abdi-abdi noe alit kersa njembahkeun kabingahan koe kadjudian ieu atoeran ditampi koe Raad Provincie.

Ti ngawitan 1 Januari 1927 Opcenten Padjeg kasab ngiringan 16%, nja eta 20% ti Gewest djadi 10% ti Provincie, noe 30% ti Nagara djadi 24%, djoemblah Opcenten Nagara sareng Provincie moeng 34%, noe kapengker 50% djabi ti eta koe Provincie noe dikeunaan teh woengkoel noe kasabna (kaentoenganana) dina sasasih f 100.— kaloehoer djadi noe kaentoenganana kirang ti f 100.— mah koe Provincie teu dikeunaan.

Ari padjeg roemah tangga (personeel) noe awitna ti Gewest 30% digentos koe 10% Provincie, djadi ngiringan 20%.

#### Dinten katitoe Rebo ping 19 Mei 1926

Dina perkawis subsidie kour ka roemah sakit Zending "Bajoe Asih" di Poerwokarta, pribados njanggem kieu:

Kangdjeng Toewan Voorzitter. Koemargi ieu subsidie sakoemaha tjariosan commissie van onderzoek taoen 1925 oge dipasihan koe Gewestelijken Raad Batawi, malahan f 7500.— (tingali notulen Gewestelijken Raad Batawi dinten Kemis ping 25 Mei 1925) emoetan pribados teu aja waganana lamoen diwidian, moeng bae nugal dina begrooting Provincie taoen 1926 dina Hoofdstuk XII perkawis subsidie-subsidie, ieu perkawis koe regeering teu kalebetkeun, djadi koe timbangan pribados perkawis ieu koe Pamarentah Aoeng (Regeering) kalangkoeung. Koemargi midamel begrooting ngawitan (eerste begrooting) ditetepkeunana koe Regeering, sanes bae kaentoenganana atanapi kalowarwanana Gewestelijke Raden ka poengkoer, oge roepi-roepi kabuangbeuratna dipasrahkeun ka Provincie, naon margina ieu perkawis koe Regeering teu di lebetkeun?

Dawoehan Kangdjeng Toewan Voorzitter; "Ajana ieu subsidie dina suppletoire begrooting Gewestelijken Raad Batawi, waktos Regeering ngadamel Provinciale Begrooting ieu perkara tatjan kaendoek ka Regeering, noe matik teu kaasoepeun kana begrooting Provincie".

Sanggem pribados: "Atoeh naha teu tiasa Provinciale Raad njoehoekkeun eta artos artos noe f 2000.— tea noe koe Raad ajeuna katimbang pitjekaepun keur subsidie ka Roemah sakit zending, soepados digentosan koe Regeering, doemeh ieu sanes subsidie anjar, moeng noe kapoengkoer, toer koe Regeering kalangkoeung. Dawoehan Kangdjeng Toewan Voorzitter: Tangtos ieu oge dikitoe-

keun, djeung koe timbangan bisa oge hasil, sabab kaliwat koe Regeering tea, toer ieu subsidie geus aja samemah ngadeg Provincie.

Perkawis subsidie ka Gemeentelijke Ambachtschool di Bandoeng pribados parantos oendjoekan kieu:

Katjida moefacatna r provincie njoembang koe subsidie kana ieu Ambachtschool di Bandoeng, komo deui ngoepingkeun bieu, jen seueur oerang priboemi noe sarakola ka dinja, malahan Walanda Tjina oge aja, moeng dina begrooting Provincie noe didamel koe Regeering, ngadjoekan f 2500.— djadi pribados teu tiasa ngiringan kana voorstel Djoeragan Darnakoesoemali noe moendoet f 5000.— pikeun taoen 1926, margina tangtos roegel pikeun Provincie, ari noe diemoetkeun koe pribados sanes bae kaperloean Ambachtschool Bandoeng moeng oge kaperloean Provincie. Koemargi eta pribados teu moefacat kana voorstel Djoeragan Darnakoesoemali moendoet f 5000.— tjekup koe f 2500.— bae.

Saparantosna Kangdjeng Toewan Goepnoer nerangkeun maksadna voorstel college Gedeputeerden, ladjeng voorstel noe f 2500.— koe Raad ditarima pikeun subsidie ka Ambachtschool Bandoeng.

Dina Rondvraag pribados parantos ngoeningakeun kieu:

Kahidji: Toekang-toekang sado noe tjarijingna loareun Gemeente, moeng teu tebih ti Gemeente, parantos aroendjoekan kateuraasanana doemeh mulajar padjeg kendaranana doewa kali, sakali ka Gemeente sakali deui ka Regentchap, kapengker Gwest. Ari noe tjitjing di lebet Gemeente ngan sakali bae, toer sili andjanganana pada muke djalana sami, kallar kota gemeente sok make djalana loear Gemeente, sawangsoelna kahar loear Gemeente sok lebet ka kota Gemeente, koemargi kitoe noehoenkeun koe Kangdjeng Toewan Voorzitter didawoelkeun ka Gedeputeerden marios perkawis eta sareng dipiwurung njeun atoeran soepados adil ka doewana pihak.

Ari dawoehan Kangdjeng Toewan Voorzitter:

Memang perkara eta geus lila rek diatoerna, djaman koering di Bandoeng keneh harita Gemeente Bandoeng djeung Gewestelijken Raad Priangan rek njeun atoeran, tapi nepi ka waktos ieu tatjan bae diatoer. Koesabab eta menta soepija Djoeragan Soerikartalegawa njanggakkeun perdoendjoekan koe toelisan (schriftelijk) dibarengan koe voorstelannana perkara eta.

Samboengeun.

#### Loear tanggoengan Redactie Kintoenan ti djoeragan Ardiwikarta.

Adros djoeragan Astahiam Bodjong Prigi.

Djisiim koering saparantos matja Sipatahoenan No. 48, njeh seuri njungseurikeun goemem tjatoerna. Abdoel djeung Moehamad, katoeroeg toeroeg di sisi laot atoeah ari mahloek noe kitoe mah keueup meureun noe mawi koe djisiim koering dinamian Keueup, da oepami manoesa mah koedoe ngarti.

Ari solokan noe mapaj djalana ti Boutas linn keur njalan sawah djoeragan Mangoeudiwirjo tapi keur njalan sawahna.

Ka doea keur njataan sawahna Raden Wirakoesoemali noe welas welas bae, di blok pantjal erang, noe tadina satengah rantja ajeuna djadi bareulah teu aja tjai maluh tandoer oge tandoer tjelok, nja djadi sawah geledeog, sami pisan sareng sawahna djoeragan A. Mangoeudiwirjo ari sanes tjai hoedjan nja loepoet, teu meunang tjai, alias guring.

Ari djoeragan mantri Irgasi satadina rek ngoeros Tjitondjong tapi halangan koe Irgasi kaupoeng, nja eta djoeragan H. Soebari Pengkolan, anoe kagoengan hak djasa kalawan ongkosna sorangan kalihna oeninga teu Tjinjulu doeng leresan kaler boetek tjai noe di pitjeun sakitoe Sourina, ssha atoeah anoe salah?

Dina Sipatahoenan No. 44 oelah resep tjerwed bisi di teke aeh sepak oelah narja bisi teu kahartieun leuwih oetama tjitjing tibatan njarita, geuning tjekup sepoeh:

Ajeuna mah panarima oerang bae benerkeun atawa salahkeun.

Kieu geura, oepama henteu aja hoedjan, hate teh kieckkeun, rek dipelakan djagong sieun aja hoedjan. Rek dipelakan pare sieun hulodo ah atoeah oetama tjitjing bae oelah maknja.

Nja ngadagoan tjorna bae hoedjan kakara digawe moal di seboet nge-doeul ieu, lain senang djoeragan Astahijam oepami gudoeah panarima atawa hate kieu?

Ari hal koe perkara dahar mah, perkara ketjil, geuning di Wonosobo teu boeroeng hiroep dahar djagong, di Kaboeman oerang desa-desa ru noe dahar gaplek sampeu atawa djarangking.

Matuk naon oepama oerang nekad-keun tirakat bae dahar djagong sampeu atawa poetoet oelah sangoe pare + oelah soemane tuing ka sawah. Ka hoedjan soemane mah ka goesti Alah bae, toeh tingali oerang Pamoe-tian tjatjak di loehoer tjai geuning hariroep.

Tjeuk djoeragan Astahijam di Bodjong 3 taen 2 kali di boeat tjeuk koering mah oentoeng keneh, geura mariksa ka oerang Prigi, Tjiliang Karang Benda, Bodjong Malang. Katjida koetjroetna aja noe ngan di boeat sakali dina sadjero 3 taen teh.

Nepi ka bosen ngalapor ka djoeragan Koewoena tjajah da tara di goe-goe, tjomal bae lapor oge.

Geuning djoeran A. Mangoeudiwirjo Bodjong oge wartosna doegi ka ajeuna parantos 2 taen ngoeroskeun sawahna noe gabog koe hama sarta geus lapor ka djoeragan koewoena deuih di enjakeun di akoe jen lapor malah tjeuk wartos parantos di lapor ka djoeragan tjamatna ka sagala, ka soerat kabar oge, tjajah parantos di moeat doeka naonna da koering mah teu nzarti, kallah ka ambleng geuning kantenan sadaja oge sami hangjung terang koemaha ka poatoesanana hal sawah gabog teh da ari ti baheula bilari mah sok di lepas padjegna ah, ah, geus geus oelah njarita kitoe bisi koemaonan.

Keun oerang ngudengekeun bari tjitjing bae oerang mah, nja, nja nja. Engke oepama perloe oerang njarita deui.

Ardiwikarta.

Parigi past merk.

#### DJAGO?

Sakoer anoe koemelij di alam doenja, boh dina kaelinan boh dina naon bae, Boksen, Poetbal djeung sabangsana, kabeh aja djagona, atawa hajang djadi djago.

Oepama aja noe njanja saalam doenja, nagara naon anoe djadi djagona? Meureun gantjang atawa babari ngadjabana, mana-mana nagara anoe pang beungharna njaeta anoe djadi djagona. Demi nagara anoe pangbeungharna taja linn kadjaba ti Amerika, sabab meh sakabel karadjaan pada boga hostang ka Amerika.

Tapi naon sababna Japan nagara anoe sakitoe leutikna, muke wani ka Amerika, hajang metjak-metjak?

Baheula samemeh perang doenia ka djadian, ditaoen 1914 Deutschland wak toe eta beunang diseboet djagona, sakabel karadjaan pada serab, tapi koe sabab karadjaan-karadjaan sedien teu ngeunah hate, lantaran teu diseboet djago tea, nja rempong-an sababtoerannana rame rame ngorokok Deutschland nja nepi ka roeboehna.

Kaajeunakeun Prisman beunang oge diseboet djago, tapi naon sababna, koe oerang Rif rada poeng?

Nepi ka dibantoe koe Spanyol. Djisiim koering malik kana kulakoe an oerang didieu, sapertos: Toekang dagang, toekang tani, kabeh pikirannana hajang pang oentjoelna (djagona).

Kaloearan hasil boemi njaeta Copra ti 2 distrik Pangandaran Tjidjoelang kaetang pangreana, anoe didjoelna, koedoe make perantaraan djalana spoor nja eta ka Tjilatjap, perjalanana ka Tjilatjap aja 2 djalana, djalana anoe ka 1 njaeta ti tempatna sipangirim teores make djalana S.S. ka Tjilatjap.

Demi djalana anoe ka 2, ti tempatna sipangirim tepi ka Kalipoetjang make djalana S.S. ti Kalipoetjang dimoet deui kana Kapal H. Mij Soekapoera teores ka Tjilatjap.

Disadjero taen ieu, sakabel tangkoelak tangkoelak Copra, soemawonna anoe 10 atawa 20 karoeng, anoe bisa ngirim Wagonan oge make djalana Via Kalipoetjang. Lantaranana taja linn, pikirannana sipangirim, ngarasa ongkosna aja moerahan sacutik, ka-

doewa gantjang narima doewitna, gantjang narima deui karoeng kosong dimoet ka Soekapoera teu aja ongkosna deui.

Tadi diloehoer koe djisiim koering parantos diserat sagala roepa koedoe aja djagona atawa hajang djadi dja go

Koesabab sakabehna moentan ka S.S. ngan tepi ka Kalipoetjang, djadi S.S. koerang kaentoenganana, sabisa bisa hojong ngelehkeun ka Soekapoera, Bedjana ajeuna ongkos-ongkos barang anoe toeroen di Kalipoetjang koe S.S. rek ditaekkeun 100% Ongkos ongkos barang anoe teores di kirim ka Tjilatjap make djalana S.S. baris ditoerkeun 20%.

Oepami ieu bedja kadjudian, toekang meuli copra anoe sacutik modalna anoe biasana didjoelna ka Kalipoetjang baris ngarasa soesuh, lantaran moawal bisa ngoedag rega anoe modalna gede, anoe ngirimna teores ka Tjilatjap, Njakitoe d-uei tangkoelak tangkoelak Kalipoetjang oge tang toe bakal koerang kaentoenganana.

Moegi moegi bae pembeser S.S. aja manahna hawatoskeun ka toekang-toekang dagang leutik leutik, soepados be-tja noe diloehoer oelah didjadikeun.

Kartomihardjo.

Tjikemboelan,

#### Pasar Derma sareng Tientoonste'ling di Garoet.

Manawi di wewengkon Prijangan mah kawas hamo aja noe bireuk, jen ti ngawitan ping 17 doegi ka 21 sasih pujoen (Juni '26) di Garoet baris aja Pasar-Derma ngahidji sareng Tientoonste'ling (roepi-roepi tongtonan djuman koena) sareng roepi-roepi karasmenan. Doepi kekengingnana tina ieu tientoonste'ling panjarisan baris digoenakeun kana njoembang-njoembang ka Vereeniging Volksonderwijs Garoet, nja eta kanggo ngadamel adegan sakola "Boedi Prijaji", anoe parantos kenging Subsidie ti Kangdjeng Gouvernement.

Nawoeng koe margi programmana mah biasa bae sakoemaha di sanes-sanes tempat, didieu koe sim koering moal ditarioskeun deui, naon hidjihadjina anoe baris djadi tongtonan. Doepi noe bade ditarioskeun teh siroepi bae nja eta katjapi concours met zang begeleiding".

Moer teu lepat kapoengkoer sim koering oge parantos noelis hal ieu, namoeng djalaran ajeuna kaemoetna koe sim koering rada penting oge, nja kapaksa diserat deui dina ieu serat kabar Sipatahoenan, soepados kaoeniga koe para mitra pakempelan mamuos noe aja di tanah Prijangan, babakoena di Tasikmalaja, Garoet, Bandoeng sareng Tjandjoer, anoe parantos kakontjara kajasaanana, kamaherananana dina pakalangan mamuos ti keur djaman ngadeg Mataram keneh. Komo Tjandjoer mah estoe djadi senen kalemekan, ahad katjapangan pisan. Geuning paribasa lagan Tjandjoer noe halimpoeh teh. Dina leutong oge Tjandjoer bae anoe ditiron teh. Tah koemargi kitoe, tjek sim koering oge tangtos aja pidameleunana, oepami diserat deui ajeuna teh.

Ieu concours koe emoetan sim koering dijakeunana teh, sanes woengkoel pikeun pakempelan mamuos di Afdeling Garoet bae, namoeng timana-mana, sing saha anoe bade ngiring balabar kawat, tangtos ditampi koe Bestuur Tientoonste'ling, kalawan kabingahan anoe taja hinggana. Doepi prijsna, kantenan noemoetkeun kabiasaan mah, biasa bae bintang Emas sareng Perak. Estoe rame, oepami aja anoe saroeuping timana mana teh, boeboehan rasa Soenda ti baheula geus raresep kana kawih, oepami djadi teh tanggoeng moengpoeng djelema-djelema teh, moal kagembang koe strijk-orkest, nadjan dibere lagoe noe pangeunahna oge.

Tah sukieu bae lanan sim koering ngawangkong teh, ieu mah sakadar ngawartosan ka anoe hojong metjak djadaten, ngadoekeun sowara bae.

Hajoh enggal enggal njeratan ti ajeuna, tjandak djago djago teh, oelah njarandak kalamerona, bilih kawirangan, mangkang di Garoet aja si "Panghoer" djangdji rame bae.

Diantos, djoeragan-djoeragan leider.

Noe nangtang ti Garoet

A. S.



**TI Raad Kaboepaten Garoet.**

Regentschapsraad Garoet No. 415.  
Garoet, 25 Mei 1926.  
Kapada  
Toean lid Regentschapsraad Garoet  
di

Bersama ini dengan hormat saja  
atoeri kapada toean dateng pada persidangan Raad Kaboepaten Garoet pada hari Senen tanggal 7 Juni 1926 djam 9 pagi.

Regent Garoet,

Regentschapsraad  
Regentschapsrad  
No. 34.

Garoet 25 Mei 1926.  
Kepada

toean  
lid Regentschapsraad Garoet  
di

Dengan hormat.

Dibawah ini saja atoerkan soerat dari Toean Gouverneur West - Java tentang Provinciale Raad soedah mengambil kepoatoesan akan menarik 10 opcenten dari padjeg pangasilan dan padjeg personeel (roemah tangga). Dengan sigra Kangdjeng Gouverneur miuta bagaimana kepoatoesan Regentschaps raad atas ini.

Boeat Kaboepaten Garoet tentang 10 opcenten goena Provincie itoe, mendjadikan keringanan pembajaran padjeg, sebab opcenten jang terseboet dalam soerat dibawah ini akan dilinjapkan sedang djoega opcenten boeat negri akan diteroenkan.

Berhoeboeng dengan ini oleh saja soedah dikirimkan telegram adhaesie kapada Padoeka Toean Gouverneur sebagaimana tertoeis dibawah ini.

Regent Garoet,

Vertaling.  
Provincie West-Java  
No. T 3/1/2.

Onderwerp.

Provinciale Opcenten - verordeningen.  
Provinciale Raad Djawa Koelon didalam persidangan tanggal 18 ini boelan telah menerima voorstel akan menarik 10% opcenten dari padjeg Pengasilan dan Roemah Tangga jang akan dikenakan di seleroeh Provincie djadi djoega termasuk kota-kota (gemeente). Djika kepoatoesan disahkan oleh Regeering akan timboellah kaadilan tentang pemikoelan padjeg, sebab sampe sekarang ini wang dilooar gemeente membajarnya lebih banjak.

Menoeroet ondang-ondang Gewestelijke Raad banjaknja opcenten sekarang: di karesidenan Bantam jang doeloe 20 opcenten dari padjeg pengasilan. 30 opcenten dari padjeg roemah tangga.

Di karesidenan Batavia jang doeloe 20 opcenten dari padjeg pengasilan. 20 opcenten dari padjeg roemah tangga.

Di karesidenan Priangan jang doeloe 20 opcenten dari padjeg pengasilan. 30 opcenten dari padjeg roemah tangga.

Di karesidenan Cheribon jang doeloe 20 opcenten dari padjeg pengasilan.

Opcenten goena karesidenan ini moelai 1 Januari 1927 akan dihapoeskan, djika verordening jang terseboet tadi oleh Regeering disahkan.

Sesoeatoe pemerintah Regertschap jang mentjotjog! tentang kepoatoesan Provinciale Raad itoe, jang memang menguerti oentoek keperloean „platteland" soedah mengirinkan adhaesie-betuiging kepada Provinciale Raad atau kepada saja.

Akan tetapi kita orang djoega taoe bahwa Burgemeesters dari kota di Djawa Koelon menoeroet permintaannya raad-raad jang dikepalai oleh mereka itoe, akan menjembahkan protest, soepaja Regeering tida akan sjahkan poatoesan Provinciale Raad itoe.

Dari sebab oentoek Regeering djoega bergoena sekali, akan mengatahoi timbangan orang - orang loear gemeente ja itoe „plattelandbewoners" baiklah djika ini perkara dalam persidangan Regentschapsraad dibitjarakan.

Karena itoe adalah didalam halaman Regentschapsraad, sebagai wakil orang orang doesoan, boeat mengeloarkan timbangan diatas hal ini seperti djoega orang orang kota (ge meente) akan mengatoerkan pertimbangan dengan perantaraan Burgermeester.

Dari sebab itoe saja kasih pertimbangan soepaja Raad memboeat ke-

Ngilari sareng enggal lebet kana damel 2 istri toekang Borduur anoe parantos paham ngadamel raksoekan njonja-njonja Tiong Hoa.

Serat serat katrangan parantos didamel dimana:mana kedah dilampirkeun sareng dina lamaran kedah nerangkeun sabaraha moendoet gadjih.

Noe ngantos

Njonja Gouw Na Hiang

Handelstraat Bultenzorg.

**Wawatjan Hong Hajani**  
(Malati di kota Padang)

Karangan Boedjanga Soenda moel aja noe bireuk ka Djoerg. Mangoen Dikaria. Basa sareng eusi maroenel lalimit beresih, tjarios beh dieu pisan di Padang. Pangaos f 0.50 kenging ti

**TOKO PASOENDAN TASIKMALAJA.**

N. E. Noe ngagaleuh kontan.  
10 boekoe doegi ka 19 a f 0.35  
20 " " " " 29 a f 0.30  
Djabi ongkos.

Ka ahli sareng ka noe bade tani Bude diitjal 515 bata kebon (tatadjoeran) eusi roepi-roepi palawidja tjaoe sareng kirang langkoeng 80 kitri loe-hoer satangtoeng, pamiraan berea diaoer. Ajana di Paroersari Kale-reun Kawadanan Bandung perdjalanana 15 menit ti setation. Sae tarinjalian heula. Hal pangaos badanten ka

**TOKO PASOENDAN Tasikmalaja.**

**H. I. S. „GALOEH" di Tjiamis.**

Hatoer oeninga ka soegri noe karagoengan poetra, wih H. I. S. „GaloeH" ngawitan nampi deui pimjerideun kangge ki: I, II sareng III.

Soegri noe bade ngalebetkeun sae tjandak bae moerangkalihua ka sakola saban dinten ti djam 9 enjing doegi ka djam 1 siang, iwal dinten Ahad.

Tempatna danget-danget ieu di Waroeng - Asem joengkoereun Sakola Poetri.

Tjiamis 20 Mei 1926.

Wd. Hoofd der School

**M. G. Kartaatmadja.**

**ADRES noe parantos KASORH DAHAN**

Toekang Mas Roemah No. 18  
Tasikmalaja.

Ngitjal roepi-roepi perhijasan tina mas sareng perak. sareng nampi padamelan, sapertos: Ngadamel pinggel penitih, telepen sareng banes - banes deui, ongkosna kenging mirah padamelan di tanggul sae sareng enggal.

Ngitjal roepi-roepi erlodji. Sapertos: Erlodji sakoe, erlodji tanggan, tina mas, perak alpaka merek election sareng banes-banes deui merek mangga djoeragan-djoeragan enggal saroeumping soepados kaeuninga.

Tina testoonstelling Tasikmalaja parantos kenging Medal Mas.

**EEREDIPLOMA**

**TOKO**

**Universeel Agentschap  
NIC MULLER**

**TASIKMALAJA**  
Goenoengladoo No. 15

Telefoon No. 26.

Sagala roepa obat-obat Patent sareng Chemicalien.

Tjelep (sipoehan sindjang).  
Landong roepi roepi sapertos:  
Landong njeri boel  
Landong soepados tiasa koelem  
Pil koeras manis  
Landong panas anggoeun moerangkali  
Landong intjok  
Saboen anggotun kasawat koelit  
Landong noe embek salira soepados djagdjang

Landong gohgoj sareng mergi  
Zalep boelao koneng sareng bodas  
Kompa pinareup  
Wedak roepi roepi  
Pel njenjejan  
Landong njeri kahampangan  
Castor olie noe diboengkoes  
Creoline, Karbol  
Kompa istri  
Landong njeri benteung tadjam  
Oebar kokoloteun  
Landong angkeng  
Kain karet No. I.  
Landong kiat ka...?  
Landong kakiatan moerangkali soepados montok

Limoen pergasi  
Landong paranti moeragkeun boeloe kele

Oebar raheut  
Oebar paranti dikoeramas  
Oebar toembila  
Landong kakiatan salira  
Perban perbanan. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelep badjoe atanapi kain kain roepi roepi warui.

Molel, moerah, alnes.  
Poendoet bae prijscourant (boekoe pangaos) kenging pere.

Sadaja barang kenging pesen rem-bours. Mangga tingali koe andjeun ka toko.

Noe ngantos

**Nic Muller.**

40

**Boekoe Aoseun**

Anggoena djoeragan istri sajadi.  
" " pameget seueur.  
" " sepoeh ngaboengbroeg  
" " anom niandong.

Henteu sezah anggap wawatjan moel kantos noongton bloecoop henteu kedah djaoeh-djaoeh goepoeroe moel kantos nanggap pantoen atawa ogel.

SEWAEUN sareng GALEUHEUN BOEKOENA DISAJAGIKEUN Geura mangga soemping ka Bibliothek „Sinar-Kamadjoean" di Pasar kolot Tasikmalaja.

Radiana boekoe tjarios „Noenggoel pi-nang" pangramena diaosna matak se-nang tinimbang diwang anggap bonang matak bidjil hawa napoe anae kareu-aag.

Bentangan wawatjan boekoe „Poernama Alam" ramena moel mendak nadian saesul alam daangdingna loetoe beres ngarakitkeun kalam ngandoeng elmoe aoseun sadoenja lalam.

Aja deui boekoe tjarios Aboenawas eusia bab akal kapinteran landong noe was-was matak begar mangga manahan sing awas oepami kapaham moel keuna koe kareuwas.

Kitoe deui tjarios „Loetoe ngazaroe" mangga aoe tinimbang loemantoe ng di leeloeroeng blith datang napoe anoe ngadjoeroeng hese ditahan moea napoe enggeus ngaberoeng.

Lamoen istri noeroetan lampah GENO-VEVA matak kenging elmoe sami sa-reng latapa alah batan papatih ti in-doeng bapa matak reug-reug alah batan lega kebon kalapa.

**EMBARAN.**

Maparin terang, di kantoor Kaboepaten Tasikmalaja disajagikeun ka soegri noe hojong ningalian:

Ontwerp Reisverordening goena le-den Reg. Raad Tasikmalaja.

Ontwerp verordening perkara oe-roesan desa.

Salinanana tiasa ngagaleuh.

Tsm. 1 Mei 1926.

Boep. Tsm.

(W. G.) Wiratanoeningrat

**Toko SOENDA**

**TASIKMALAJA.**

Telefoon No. 56

Ngawitan dina ping 20 Maart parantos disajagikeun roepi roepi sepatoe, slup sandel, troempah, anoe didamel tina Crepe rubber, oepami anoe tebih kenging pesen koe serat asal disebut nomerna, doepi kakiatanana teu kantos dipoedji deui, margi parantos pada oeninga.

**ENGGAL NGAGALEUH**

„Wawatjan Wajang Poerwa" sae eusina, sae basana, sae dangdingna seueurna 1019 pada, pangaosna moeng f 1,25. Oentoengna tina ieu boekoe anggoeun **Schoolfonds H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja.**

**LELANG OETAN DJATI.**

Hari Senen 7 Juni 1926 poekoel 9 pagi di roemah bola Intramontes di Garoet tiga perceel kajoe jang masih berdiri (belon ditebang) besar a. 6 1/2 H. A. b. 9 H. A. dan c. 5 1/2 H. A. ada di desa Tjirapoelan, Tjianten district Bloeber-Limbanan Garoet. Taxatie

a. 30 M<sup>2</sup> kajoe djati ± 180 elo kajoe bakar  
b. 55 M<sup>2</sup> " " ± 328 " " "  
c. 12 M<sup>2</sup> " " ± 74 " " "

**TOKO BOEKOE**

**M. I. PRAWIRA WINATA.**

**Katja-Katja WETAN ISA BANDOENG.**

ENGGAL POENDOEΓ SALABARAN

**Wawatjan Sadjarah Ambia.**

Ridji boekoe (kitab) anoe kedah dipoesti poesti koe sadaja Kaom Moeslimin anoe iman ka Pangeran. Eusina njarioskeun ti ngawitan Goesti Allah ngadamel: Noer Mochamad, Hidjaboei rohman, Dohar kwil, Sawarga, Malaikat, Widadari, Arsa, Koersi, Lohmahfoed, Loh kelam, Sadjaratoelmoentaha, Lakalhamdoe. Naraka, Alam laeet, Angin Toedjoeh lapis langit, Boemi ping piteo, Dingdingdjatal, Boelan, Bentang, Srangenge, Bangsa Djan, Iboedjan, Malaikat Iddadji Tapel Adam, Nabi Adam, enz. enz. toetoe doemoegi ka poepoesna panoe-tan orang Kangdjeng Nabi Mochammad s. a. w.

Oepami parantos maos salabaranana kantoen ngamanah-manah. **KOOPT EN VERKOPT TWEDEHANDSCH BOEKEN.**

Moderne talen.

Werken op elke gebied.

Boekelijsten gratis.

**Dengen hormat!**

Bersama ini saja mengabarkan pada toean-toean dan njonja-njonja jang doeloe winkel gijinja toean Tan Hoen Auw sekarang telah di over oieh saja dan di oeroes dan di keredjaken oleh saja sendiri.

Maka saja banjak harep pada toean-toean dan njonja soeka bikin pesenan pada saja dan njatakan sendiri dari saja poenja kepandean perkara giji maoe tjaboet ganti of tembel saja tanggoeng dari saja jekerdjan baik dan lekas.

Dan di dalam saja ada sedia doktor bernama Tan Koh Hwie dari Tiong Kok jang sueda lama terkenal ia poenja kapinteran boeat obatin segala roepa penjakit saperti penjakit orang lelaki dapat sakit kotpi roepa apa sadja bole lekas duteng pada itoe doktor.

Dan boeat orang perempuan keloeor kotor tida tjotjog (kengki poe-toej) atawa soeda lama tida dapat anak kepengen dapat anak, op soeda lama berenti maoe dapat lagi bole lekas datang tanja djoega pada itoe doktor.

Dan laen dari itoe penjakit jang terseboet djoega ia bisa bikin baik dengan lekas segala roepa penjakit adanja.

Kiong tjoes dan hormat dari saja.

**JOE AN.**

Di moeka Pasar Tasikmalaja.

**L. S.**

Sareng ieu sim koering ngawartokeun ka Para Langganana sadaja, jen toko sim koering bade dipindahkeun ka Bandoeng.

Ajeuna barang barangna bade di-tjalkeun heula sadajana, nja eta ditroercentkeun pangaosna, anoe sapalih dipotong 10%, sapalih deui 20%

Oepami Para Djoeragan bade ngagaleuh mirah pisan, mangga enggal soemping ka toko, bilih kaboeroe se-peun.

Hoerमत simkoering  
Toko boekoe  
**L. A. LEZER**  
Tasikmalaja.

**TEGEL FABRIEK „N A J A"**

**Djalan Pasar - Tjieuunteung TASIKMALAJA.**

Sajagi roepa-roepa tegels. Pangaos ditanggul ngabingahkeun. Tjonto-tjonto di kintoen pertjoemah (gratis) Mangga tjarobian.

Hormatna noe

ngantos-ngantos.



poatoesan tentang verordening termak soed tadi soepaja djanngan ketinggalan dioendjoeknja pada Regeering dengan perantaraan saja. Saja minta soepaja lekas itoe peroendjoekan katerinis oleh saja, sebab tida lama lagi protetan dari Burgermeester akan dilan djoekkan.

Gouverneur Provincie West Java Hillen.

**Vertaling.**

Gouverneur West Java dagelijksch bestuur regentschaperaad Garoet mengatoerkan moefactnja (adhaesie) kepada voorstel gedeputeer den tentang menarik 10 opcenten. Regent Garoet.

**Oear pangadjak ka eusi Pasoendan.**

**DANGDANGGOELA.**

1. Dangdanggoela daungding noe prihatin, kirang loeang toer kirang katerang, noe samporet koe pangartos, samemeh mangoen tjatoer, ngarang tembang ngarakit gending, koering neda hampocra, ka sadaja doeloer, soegri noe maos karangan, rehna koering koemawasa-koemawani, nekad mekar tjarita.

2. Djsim koering langkoeng soeka ati, estoe bingah amerwata-eta, lebet kana paripaos, lir kagoentoeran madoe, karagragan bentang ti langit, sarehna Poelo Djawa, geus tjoendok ka woekoe, ajeuna datang mangsana, arek lilir nilik-nilik anoe boekti, ngan kari djoeng hoedangna.

3. Tanah Djawa hujoh geura njaring, sare tea bet kamalinaan, panon poe geus montjorong, tah dengo sora manok, geuning retjet dina loehoer kai, haliber nyar teda, pasihan Jang Agoeng, oelah kitoe Poelo Djawa, na' teu era koe sukabel oerang Asing, noe ngoadog "kamadjoen".

4. Poma-poma maneh masing eling, koedoe inget ka asal baheula, waktoe tanah maneh agreng, reh aja doea Ratoe, Padjadjaran djeung Madjapait. Ieu doea nagara, geus masher katjelok, kakontjara ka noe anggang, beurat beungkar soegih doeit boentjir leuit, henteu aja kakerang.

5. Padjadjaran reudjeung Madjapait, wewengkonna lega oeploek-aplak, djalma sa Hindia kabeh, Azia wetan kidoel, pada soedjoed koemoereb ngabdi, sadaja djoemoengdjoeng, kana kersana Napatja, tjindekna mah Padjadjaran Madjapait, hoeloewotan Hindia.

6. Anoe djadi matak Poelo Djawi, baheula mah sakitoe ma'moerna, reh djalmna sapagodos, rempog djoekoeng djeung batoer, lain tjara alam kiwari, pada aing-aingan, kabeh hajang poendjoel, lamoen aja noe boediman, geus ilahur padjah maneh asoep kapir, ingkar ti Rasalloellah.

7. Tjing ajeuna hajoe kadang wargi, oerang njoba mitjeunan tabeat, sirik iren djeung panastren, gentos koe lakoe aloes, rempog djoekoeng samijcek ati, soegan paneda oerang, koe Allah dinakboel, tanah oerang Poelo djawa, poelih deui balik ka asalna tadi, kerta gemah rahardja.

8. Salianna koedoe roekoen rapih, oerang wadjib njah kana basa, oelah arek dimo more, koedoe asta soesoehoen, reh warisan ti nini aki, sasat djimat poesaka, noe toeroen toemoeroen, warisan ti nini mojang, koe hal eta wadjib pisan dipoepoesti, sangkan Soenda waloeja.

9. Panoengtoengan pihatoer sim koering, disarengan koe poedji pangdoenga, moegi Soenda Woewoeh maher, didjoengdjoeng koe Jang Agoeng, didjarang koe para wargi, diraksa koe boedjanga, malar loeloes bangloes, ngadjalingdjing di Pasoendan, daradjatna mangka waras reudjeung

hoerip, sing djadi pangiroetan.

A. S.

Garoet, Detumpoetmerk.

**Loterij „Pasoendan” Tasikmalaja.**

Hatoer noehoen ka noe parantos ngagaleuh lot Pasoendau. Ajeuna lot parantos seep sadaja. Ka noe njeratan moendoet dikintoen lot teu tiasa ngintoenan deui.

Loterij diboe kana ping 13 Juni 1926.

Hormatna

Bestuur Pasoendan Tasikmalaja.

**Kapala H. I. S. Pasoendan di Tasikmalaja**

Ngawitan ping 1 Juli 1926 Toean J. L. Amerika kapala Schakelschool di Keboemen dibenoem djadi kapala H. I. S. Pasoendan di Tasikmalaja.

**Walonan sadjarah Siteo Tjibonte.**

Wireh djsim koering dipoendoe-tau katrangan koe djoeragan Hardjo-pruwito nerangkeun asal oesoelna Siteo Tjibonte sareh dipelakan laeok koe djalma sadesa Siteobatoe (di damel kaentoengan desa).

Moegi djadi pertimbangan sadaja noe kersa maraos Sipatahoenan bilih diwastanan pangdjadina kitoe teh karep djsim koering woengkoel.

Doepi djsim koering djadi oerang Siteobatoe nembu 30 taoen, djadi teu patos aja katerang, kapaksa tataros bae ka pitoein oerang Tjibonte anoe oemoerna kinten-kinteu 80 taoen.

Noe diterangkeun koe djoeragan Hardjo noe dimoet dina Sipatahoenan no. 47, 48, eta aja leresna sareng aja oge lepatna.

Dina lebah diaunggo njaijan sawah 8 tempat, eta lepat noe boekti katjaian koe eta siteo moeng 2 tempat, njaeta blok Sagati, sareng Balokang, seuseurna mah eta tja dipitjeun ka Tjitaandoej, doeka ari diarah sasaabanana mah oepami jaktos, tapi da eta memeh ngabandoej Tjibonte oge sawah sawah desa Balokang sareng Bandjar parantos djaradi sawah.

Oge dina lebah legana asal . . . 35 baos, sajaktoena moeng ± 18 bane ajeuna noengtoet saeur kantoen 11 bane, sareng asalna seuseurna lele-gana eta tauah bawahan desa Siteobatoe kitoe deui noe garadoehna. Waktos ngolasir tanen 1912 henteu dipareboetkeun moeng bae naroskeun naha eta siteo lebet ka desa mana-mana saeur djoeragan mantri klasir, asoep ka desa Siteobatoe ti baheula oge.

Dina taoen 1909 koe sawatara oerang desa Balokang, eta siteo di rekes disoehoenkeun didjadikeun milik uade dianggo sawah milik, moeng bae teu dipaparinkeun.

Oepami teu lepat taoen 1914. Kangdjeng Adipati Tasikmalaja ajeuna, nalika djoeragan Wadana Bandjar, djoeragan Atmadibrata ngaloeohan koempoelan distrikt ngadawoehkeun, dawoehanana : Wadana ti semet ajeu na kah-reup kahade Siteo Tjibonte diparenta milik, karana eta Siteo bariis ditambahan koe Tjimoeloe, kour njaijan kota Bandjar. Hate djsim koering wau boenggang.

Djaman Kangdjeng Controleur Zorab ngadawoehkeun dina koempoelan distrikt. Jen desa meunang meuta tanah pikeun kaprabon desa.

Nja eta Siteo dioendjoek disoehoenkeun didamel kaprabon desa.

Koe peroendjoekanana oerang desa Balokang, dina taoen 1923, djaman djoeragan Rangka Soekarmadidjaja Wadana di Bandjar, djsim koering disaoer, eta Siteo dipoendoeit kedah djadi milik desa Balokang da asalna kabawah ka desa Balokang. Moeng djsim koering klawan moepakatna abdi-abdi henteu masrahkeun diterangkeun asal oesoelna, sareng malak mandar awal ahir tiasa kenging kaentoenganana koe desa Siteobatoe.

Aja samboenganana.

**K A B A R.**

(keur noe teu matia s. E. Walanda).  
Professo: Hazeu Goeroe loehoer di Leiden noe njeun laporan perkara badji Hasan di Tjimareme (Garoet) bakal balik deui ka Hindia, lantaran andjeunna ajeuna di Nederland koe-rang sehat.

Dina kapal Bowescastle aja apjoen gelap 120 K. G. barga f 100' reboe katangkep di Makasar.

Dina boelan October di Soerabaya rek aja Congres Islam. Djoeragan Tjokroaminoto djeung djoeragan H. Mansoer dina waktoe eta siga siguna geus datang deui aja Hindia.

Semarang Joana Stoomtram Mij ngahagikeun oentoeng taoen 1926, 100/0, Serajoedal S. T. mij 80/0, Semarang Cheribon S. T. mij 7 1/2 0/0, Muatschappij Delh 45/0, Belirie 150/0, Soember Sebarang 35/0, Besieki Tabak mij 15/0.

Abdoelkarim di Marokko ajeuna masrahkeun maneh ka Prantjis djeung Spanje. A. Karim diboeang ka tempat, noe ajana di antara Spanje djeung Prantjis.

Pamarentah Hindia ngaloearkeun sirkoeir, jen pagawe Pamarentah teu meunang djadi lid P. K. I. djeung Sarikat Rajat.

Toean Besar G. G. anjar ajeuna geus datang ka Nederland.

Hidji goenoeng di Djepang bitoe, 730 imah noe roeksak. Djoemlahna karoeogian 8 1/2 mahoen Jen (1 Jen = f 1,25). Majit noe kapanggih ajeuna 25.

Ajeuna barang-barang Inggris di Tioungkok henteu d'baikot deui.

Amerika kaler menta soepaja dipariksa koemaha kaajaanana pamberontakan di Nicaragua.

**Schoenmakerij en Kleermakerij**  
„Malah Mandar”  
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi rakoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun saekomaha kapalai, sareng disajagikeun roepi-roepi lawana.

Oge niasagan sloop-sloop, sendal-sendal spatie-spatie keur oedeng model Djawa sareng Soenda Kapeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen

**O. Sasmita.**

N. B.  
Toedoeng Panama noedidamel tina palm f 8,—  
" " " djaki f 2,50  
strobin (pameolana) f 0,25

Eere diploma ti Groot Tentoonstelling Tasikmalaja. 1925  
**Koek - en Banketbakkerij**  
Fabriek  
**RADEN NATAMIHARDJA**  
Stationweg 15/17 Tasikmalaja.

Sadjabti ti sajari koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaloeutna noe sampoerna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloeanana koeweh, sapertos: boemboena, klosirna sareng kembangna oge, pangaoes kenging badanten.

Tiasa mangdameikeun ijs poret noe sajaktoena, dina 1 Liter timbangan pangaoes f 2,50 doegi ka f 5,— ditanggal sae.

Noe ngantos  
**Raden Natamihardja.**  
Stationweg 15/17 Tasikmalaja.

Berlanggananlah!  
**„ORGAAN PERDATA”**  
(Organ Perhimpunan Dagang dan Tani)  
dikeloearkeun saban tanggal 1 dan 15 tiap boelan  
oleh  
**H. B. PERDATA**  
Oude Kerkhofweg 34  
BANDOENG.  
Harga langganan bocat 3 boelan f 1,50

**Dr. Tan TJOEN HAIJ**  
**ARTS.**  
Di Kebondjoekot Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina  
Dir. Dr. Sa'eh Marhoem  
**Waktosna.**  
**Endjing-endjing 7 - 9**  
**sonten 4 - 5**

**DOCTOR SOEKARDJO**  
Heerenstraat No. 18  
**(Poengkoereun Masjid)**  
Nampi tamoe oenggal dinten.

**Toko en Drukkerij**  
Pasoendan Tasikmalaja.  
Boekoe - boekoe saniskanten pangadjaran sakola, Bale Poestaka sareng roepi-roepi aosan sepoeh anom pameget istri. Batara Rama I en II Wajang Poerwa (tabadua Pindawa).  
Tinoenan: Roepi-roepi sareng ge-roesan, palekat, andoek-andoek sadaja kaloearan Soekasoekoer karadjinan oerang Soenda.  
Tjitaak: Roepi roepi staat, ondangan sareng blanco blanco. Henteu awis. Sadaja pangaoes galib ajeuna mirah bae.

FROM  
**TABIB FAZAL MOHAMAD**  
HINDOESTAN'S MEDICINE SHOP  
TJIHIDEUNG No. 14 TASIKMALAJA.  
VERKLARING.

Anoe nanda tangel di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitapan Tasikmalaja nerangkeun kamandjoerana oebar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjaba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tani jen koedoe dibelek (operatie). Tapi sanggeusna sim koering dioebar koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet di loehoer, bisa tjageur teu di belek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisau, lamoen dibandingkeun djeung banguana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer  
**H. A. Cartobie.**

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:  
Dari : Toean Buirger Noesa Kambangan Tjilatjap.  
Toean Moh. Bawahir Tjilatjap.  
Hadji Abdoel Hamid Tjilatjap.  
Toean J. A. Tan Djokjakarta.  
Toean Basiroean Delangoe Djokja  
M. Prawiro Djokja Toegoe.  
M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.  
R. Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.  
M. Soma Tjigedoeg Garoet

**SIK DJOEN KWAN**  
**TOEKANG GIGI.**  
Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angun-angun sadajana, jen di doenja palaj hi-roep senang sareng kasehatan, dina barang toeng kapalaj teh anoe parelem anoe raraoes bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeng eta sajaktoena nambihan oelam, teu karaos njarelepin dina waos, lami-lami ngagoetoeok ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng kopok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeleong koe ahlina (kloekerna) moal tiasa sae, katoengan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat laleudeng poesug, njeri patoengan, sesek napas, eugap, teu aja napsoe kana barang toeng sareng sanes-sanesna. Ieu asaaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Aleuha sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi handong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering klawan ditanggal.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palseu, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngalilapkeun soepados herang sapertos kilat koe-margi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjajaja.

Njajagikeun deui panou palseu, oelah salempang.  
Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njaja, dja eta poen bodjo,

Anoe ngantos pesenan a saroeumpingna.  
**SIK DJOEN KWAN**  
Sarimbitt.